

## Dwa ak Pwoteksyon Ou Genyen Kont Fakti Medikal Depase

Lè w resevwa swen ijans oswa lè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a trete ou nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, ou benefisye pwoteksyon kont fakti dezekilibre yo. Nan ka sa yo, yo pa ta dwe fè w peye plis pase kotizasyon, ko-asirans ak/oswa franchiz plan w lan.

### **Kisa "fakti dezekilibre" (kèk fwa yo rele "fakti sipriz") an ye?**

Lè w ale lakay yon doktè oswa lakay yon lòt pwofesyonèl swen sante, sa kapab rive ou gen [yon lajan pou w peye](#), tankou yon [kopeman](#), [yon ko-asirans](#), epi/oswa yon [dediktib](#). Ou kapab genyen pou ou peye lòt lajan oswa gen pou w peye tout fakti a nèt si w ale lakay yon pwofesyonèl swen sante oswa vizite yon lòt sant sante ki pa nan rezo asirans sante w la.

“Out-of-network” (Deyò Rezo a) vle di pwofesyonèl swen sante ak sant sante ki pa te siyen yon kontra ansanm ak plan asirans sante w la pou yo kapab bay sèvis. Pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a kapab gen otorizasyon pou li voye fakti sou diferans lajan ki genyen ant sa plan asirans ou an peye ak montan total yo fè ou peye pou yon sèvis. Yo rele sa a **"fakti dezekilibre."** Jeneralman montan sa a plis pase pri rezo a pou menm sèvis lan epi yo p ap konte li nan kalkil dediktib plan asirans ou an oswa limit depans anyèl ou an.

“Fakti sipriz” se yon fakti ou pa te atann ak li. Sa kapab rive lè ou pa kapab kontwole moun ki enplike nan ba w swen sante yo - tankou lè w gen yon ijans oswa lè w planifye yon vizit nan yon sant sante ki nan rezo a men sanzatan se yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a ki ba ou swen. Fakti medikal sipriz yo ka koute plizyè milye dola selon pwosedi a oswa selon sèvis la.

### **Ou gen pwoteksyon kont fakti dezekilibre pou:**

#### **Sèvis ijans**

Si ou gen yon ijans medikal pou kesyon maladi epi ou resevwa sèvis ijans yo nan men yon pwofesyonèl swen sante oswa lopital ki pa nan rezo a, pi plis lajan ou kapab bay plan asirans ki nan rezo a antanke patisipasyon (tankou kopeman, koasirans ak dediktib). Yo **pa kapab** voye fakti ki depase pou ou pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladan li sèvis ou kapab resevwa aprè eta sante ou fin estab, sof si ou bay konsantman ou alekri epi ou renonse ak pwoteksyon asirans ou genyen kont fakti dezekilibre pou sèvis sa yo ba w aprè ou fin estab yo. Si kat asirans ou an di "kouvèti asirans konplè," ou **pa kapab** bay konsantman ou alekri epi w renonse ak asirans sante ou an ki pwoteje ou pou yo pa voye fakti ki depase pou sèvis aprè w fin estab sa yo.

#### **Kèk sèvis nan yon sant ospitalye oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa**

Lè ou resevwa sèvis nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, kèk nan pwofesyonèl swen sante yo kapab pa nan rezo a. Nan ka sa yo, pi plis lajan pwofesyonèl swen sante sa yo ki nan rezo ka voye fakti pou ou se lajan patisipasyon ou bay nan plan asirans ou an. Sa aplike pou medikaman an ijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, newonatal, asistan chirijyen, espesyalis swen lopital, oswa espesyalis swen entansif. Pwofesyonèl swen sante sa yo **pa kapab** voye fakti ki depase pou ou epi yo **pa** kapab mande pou w renonse ak pwoteksyon ou genyen kont fakti depase yo.

Si w resevwa lòt sèvis nan sant sa yo ki nan rezo a, pwofesyonèl swen sante ki **pa** nan rezo yo pa kapab voye fakti depase pou ou, sof si w bay konsantman ou alekri epi renonse ak pwoteksyon ou genyen yo. Si kat asirans ou an di "pwoteksyon asirans konplè", ou **pa kapab** renonse ak asirans sante ou an ki pwoteje ou pou yo pa voye fakti ki depase pou sèvis aprè w fin estab sa yo. Fakti sipriz yo se nan moman ou nan yon lopital ki nan rezo a oswa yon sant chirijikal anbilatwa epi yon doktè ki nan gwoup lan pa te disponib, yon doktè ki pa nan pa gwoup lan te bay sèvis lan san w pa konnen, oswa yo te ba ou sèvis medikal ou pa te atann ak yo.

### **Sèvis doktè ki nan rezo ou an te refere yo**

Si Kat asirans pèsonèl ou an di "pwoteksyon asirans konplè", genyen fakti sipriz ladan li lè doktè ki nan rezo ou an refere w bay yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a san w pa bay konsantman ou (tankou sèvis laboratwa ak patoloji). Pwofesyonèl swen sante sa yo **pa kapab** voye fakti ki depase pou ou epi yo **pa** kapab mande pou w renonse ak pwoteksyon ou genyen kont fakti depase yo. Ou kapab bezwen siyen yon fòm (disponib sou sitwèb Depatman Sèvis Finansyèl [lan](#)) ki pèmèt pou aplike pwoteksyon asirans konplè fakti dezekilibre an.

**Yo p ap janm mande ou pou w renonse ak pwoteksyon ou genyen kont fakti dezekilibre yo. Epitou w pa gen obligasyon pou w ale pran swen yon kote ki pa nan rezo a. Ou kapab chwazi yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki nan rezo plan asirans ou an.**

### **Lè yo pa otorize pou voye fakti dezekilibre pou ou, ou gen pwoteksyon sa yo:**

- W ap sèlman gen pou peye pou frè patisipasyon ou an (tankou kopeman, ko-asirans, ansanm ak dediktib yo ou ta dwe peye si pwofesyonèl swen sante an oswa sant sante te nan rezo a). Plan asirans sante ou an pral peye pwofesyonèl swen sante a ansanm ak sant sante yo ki pa nan rezo a dirèk la.
- Jeneralman, plan sante w la dwe:
  - Garanti sèvis ijans yo san mande pou w gen otorizasyon alavans pou w resevwa sèvis yo (oswa "otorizasyon alavans").
  - Garanti sèvis ijans pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo yo ofri yo.
  - Baze sou sa ou dwe peye pwofesyonèl swen sante a oswa sant sante a (lajan patisipasyon) sou sa li ta dwe peye yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki nan rezo a epi montre montan sa a nan dokiman ki dekri avantaj yo.
  - Tout kantite lajan ou ka peye pou sèvis ijans yo oswa sèvis ki pa nan rezo a nan kalkil dediktib ou an ansanm ak kantite lajan limit ou ka depanse.

**Si w panse yo fè erè nan fakti yo voye ba ou an epi pwoteksyon asirans ou an Lwa Connecticut lan garanti** ("pwoteksyon asirans konplè"), kontakte Depatman Sèvis Finansyèl nan (800) 342-3736 oswa [surprisemedicalbills@dfs.ny.gov](mailto:surprisemedicalbills@dfs.ny.gov). Vizite <http://www.dfs.ny.gov> pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen yo selon lwa eta a.

Kontakte CMS nan 1-800-985-3059 pou kouvèti asirans endepandan oswa kouvèti asirans ki achte andeyò New Jersey. Vizite <http://www.cms.gov/nosurprises/consumers> pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen selon lalwa federal yo.